



Pou Piblikasyon Imedya: 09/23/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV NAN TOUT ETA POU REKRITE VETERAN
YO POU EDE NOUVO AMERIKEN YO APRANN ANGLE AK VINI SITWAYEN
AMERIKEN**

***Yo ankouraje imigran yo tou pou fè volontè nan Lopital ak òganizasyon Afè
Veteran yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse yon efò nan tout eta pou rekrite Veteran yo nan Fòs Lame Ameriken pou fè volontè epi ede imigran yo ki vle vini sitwayen Ameriken. Veteran yo ta aprann moun ki fenk vini yo Angle epi ede yo prepare pou pati sivik nan egzamen natiralizasyon Etazini an. Inisyativ la ap ankouraje tou imigran yo pou fè volontè avèk òganizasyon veteran yo, enkli Biwo Divizyon Afè Veteran Eta New York ak Lopital Afè Veteran Eta New York pou ede manm sèvis yo retounen de militè a lavi sivil.

“New York te pandan lontan yon flanbo pou sila yo ki vini nan peyi a pou jwenn yon lavi miyò pou tèt yo ansanm avèk fanmi yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen pat ka panse de yon pi bon fason pou onore epi kontinye eritaj rich pase pwogram sa a, ki jimele ewo yo pou prezève Rèv Ameriken an avèk moun sa yo ki te vin isit la pou pouswiv rèv Ameriken an. Fòs nou se divèsite nou e mwen fyè pou m ede lanse nouvo inisyativ sa a pou nouvo Nouyòkè yo.”

Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo, Divizyon Afè Veteran New York ak Komisyon Nasyonal ak Sèvis Kominotè Eta New York ap fè patenarya pou sipòte epi rekrite militè veteran yo ki enterese nan ede nouvo ameriken yo pou patisipe plèman nan lavi ekonomik ak sivik Eta nou an. Divizyon Afè Veteran pral itilize plis pase 80 biwo Afè Veteran toupatou nan Eta pou sèvi kòm Sant Rekritman Volontè Veteran pou ede veteran yo kap chèche opòtinite pou kontinye sèvi piblik la. Óganizasyon sipò patnè veteran yo ap ede tou nan efò rekritman, ansanm avèk lòt ajans yo nan Eta.

Veteran volontè yo pral konekte pou ofri tan nan nenpòt 26 Biwo Sant Opòtinite pou Nouvo Ameriken yo ki lokalize toupatou nan Eta. Opòtinite volontè enkli:

- ☐☐Ede yon Nouvo Ameriken itilize yon òdinatè oswa aparèy tablet pou pratike angle nan yon salklas oswa anviwonman laboratwa langaj òdinatè.
- ☐☐Kondwi oswa patisipe nan pratik konvèsasyon en-a-en oswa an gwoup baze sou enstriksyon salklas.
- ☐☐Óganize sesyon tè s pou nouvo Ameriken yo sou pati sikik nan egzamen pou natiralizasyon Etazini an.
- ☐☐Ede avèk enstalasyon aplikasyon sivik US sou telefòn selilè yon kliyan.
- ☐☐Bay sipò lojistik pandan pwosesis natiralizasyon an.

Inisyativ volontè a pral santre tou sou sipòte veteran yo. Patisipasyon nan inisyativ sa a pral ede veteran yo fè tranzisyon nan lavi sivil, avanse konpetans militè yo nan mache travay konpetitif la epi itilize eksperyans yo ak konesans mondyal pou konekte avèk moun epi ede devlope plizyè kominote yo. Anplis, ONA pral ankouraje imigran yo pou fè volontè avèk òganizasyon yo tankou Biwo Divizyon Afè Veteran Eta New York ak Lopital Depatman Afè Veteran Etazini, pou sèvi kominote Veteran Eta New York.

“Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te ralye veteran nou yo nan eta, ak tout Nouyòkè yo, deske yo te sipòte nouvo vwazen ameriken nou yo,” te deklare Sekretè Deta Eta New York Cesar A. Perales. “Inisyativ sa a ap montre sa ki pi bon Eta nou an gen pou ofri – yon lespri volontarya, angajman a kòlèg Nouyòkè nou yo e patisipasyon veteran U.S. nou yo ki se ewo nan tout domèn.”

“Nou fyè pou nou travay avèk Biwo pou Nouvo Ameriken yo sou efò enpòtan sa a,” Direktè Divizyon Afè Veteran Eta New York Eric J. Hesse te deklare. “Nou akeyi opòtinite sa a pou konekte moun yo kap chèche sitwayennete Ameriken avèk gason ak fi yo ke sèvis ak sakrifis yo toujou ap prezève dwa ak ideyal nan egzistans fondamantal peyi nou an.”

“Nou salye veteran sa yo ki pral volontè pou ede zanmi ak vwazen nou yo pandan yap ajiste nan nouvo lavi yo kòm Nouyòkè,” te deklare Linda Cohen, Direktè Egzekitif Komisyon Nasyonal ak Sèvis Kominote Eta New York– Volontè Nouyòkè. “Sèvis kontinyèl yo, pandan yo fè anpil deja, montre bon sitwayennete ak angajman pou tout lavi pou ede lòt moun ki se valè fondamantal nan Eta nou an.”

“Nouyòkè yo gen yon istwa fòmidad pou kolabore ansanm e mwen ankouraje Veteran yo nan Eta nou an pakse yo volontè pou akeyi nouvo vini yo nan fanmi New York,” te deklare Sekretè Deta Adjwen Jorge I. Montalvo, ki responsab Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo.

“Nou aplodi nouvo inisyativ Gouvènè a, kap kontinye efò Eta pou entegre nouvo Ameriken yo,” te deklare Steven Choi, direktè egzekitif Kowalisyon Imigrasyon New York. “Inisyativ sa a pral bay yon opòtinite pou veteran yo ede imigran yo, pandan egalman yap rafine pwòp konpetans yo pandan yap re-antre nan sosyete a.”

“Kòm nap gade atravè mouvman sa kap grandi pou akeyi kominote nou yo, nou jwenn enspirasyon nan lidèchip New York,” te deklare Direktè Egzekitif Welcoming America,

David Lubell. “Mwen pa ka imajine yon tribi ki pi patriyotik a peyi nou an pase rasanbleman Nouvo Ameriken ak veteran yo nan sèvis pataje a peyi nou an, ansanm avèk kominote nou yo.”

“The Mission Continues fyè pou l fè pati nan efò sa a avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk Biwo pou Nouvo Ameriken yo,” te deklare Aaron Scheinberg, Direktè Egzekitif - Nòdès, The Mission Continues. “Kòm yon non-pwofi nasyonal veteran ki angaje pou abilitè veteran yo pou travay lokal, nou kwè ke veteran yo gen konpetans, lidèchip, ak volonte pou ede lòt moun. Nouvo Ameriken yo kle pou avni peyi nou an, e veteran yo ka jwe yon gwo wòl nan akeyi, konseye, epi enspire yo pou yo vini sitwayen ki aktif.”

Inisyativ sa a ap kontinye efò Gouvènè Cuomo pou ede imigran yo patisipe plèman nan lavi sivik ak ekonomik Eta New York. Anvan, adminstrasyon an te sipann patisipasyon nan pwogram federal kominote ki sekirize lè yo te souleve preyokipasyon sou aplikasyon pwogram lan ansanm avèk enpak li genyen sou fanmi, kominote imigran ak lwa sou ranfòsman nan New York. Gouvènè a te pibliye yon Dekrè Egzekitif 26 ki egzije ajans eta yo bay sèvis piblk dirèk pou ofri entèpretasyon ak sèvis tradiksyon gratis a manm yo pou enstriksyon ak fòm enpòtan yo.

Gouvènè Cuomo te etabli Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo nan 2013 pou ede nouvo vini yo nan eta ki vle kontribye nan ekonomi an epi vin fè pati nan fanmi New York. Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo se premye biwo nan nivo eta ki te kreye daprè lwa peyi nou an. Pati santral efò ONA se kreyasyon yon rezo ki gen 26 Sant Opòtinite ki baze sou katye ki lokalize toupatou nan Eta New York kote imigran yo jwenn èd pou fòmasyon nan lang Angle ansanm avèk lòt lang yo; èd pou natiralizasyon ak DACA; lwa ak règleman federal sou imigrasyon ak referans; ak fòmasyon pou devlopman biznis. Pa twò lontan de sa, Gouvènè a te lanse yon pgwogram pilòt pou bay fòmasyon gratis nan lang angle grasa telefòn mobil a plizyè santèn imigran nan Eta New York ki te kapab manke aksè a yon salklas, yon òdinatè oswa entènèt.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418